АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№37 (9925)
РУЗМАН
11 сентябрь 2020 сон
21 МУХIАРРАМ 1442 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багъа эркенаб

■ РУХIИЯБ ИРС

## Районалъул вакилзаби ГIиса Аварагасул (гI.с.) мажгиталда



**ГIиса Аварагасул (гI.с.) цIаралда рухIияб лъай тIибитIизабулеб центр бай буго нилъер республикаялъул гьанжесеб тарихалда бищун кIудияб халкъ гъункизабураб иш.**

Мажгиталда жаниб 22 азарго чиясе бакI босун буго хIисабалде. Мажгит гуребги, гьениб букIине буго садик, школа, динияб лъай кьеялъул идараби, парк, фонтанал ва гь.ц. Ургъун руго, как балезе квал-квал гьабиларедухъ, туристал хьвадизе хасал нухалги.

Халкъиябин цIар кьун буго гьеб централъе. Унголъунги щивав дагъистаниясул батила гьениб гьорлъ бутIа. Ункънусгоялдаса цIикIкIун хIуби буго мажгиталъул. Гьезда гьоркьоса 124 хIуби буго нилъер районалъул жамагIаталъул гIарцулаб кумекалдалъун эхетараб.

Гьанжеги Шамил районалъул росабазул жамагIатаз лъезе буго жидерго бутIа рухIияб централъул хIалтIабазулъ. 5 - 13 сентябралде щвезегIан щибаб росдал вакилзабаз гьарулел руго гьенир хIалтIаби.

Гьеб пайдаги кириги цIикIкIараб ишалъе байбихьи лъезе араб базар къоялъ нилъер районалъул администрациялъул, жамгIиял хIаракатчагIазул, рухIиял церехъабазул, районцоязул кьокьа щвана ГIиса Аварагасул(гI.с.) мажгит балеб бакIалде.

- Цебеккунги гIемераб гIахьаллъи гьабулеб букIана районалъул жамагIаталъ гьаб мажгит баялъулъ. Амма жакъа дунго щвейдал, бичIана ва гIажаиблъана хIалтIабазул масштабалъ,-ян кIалъана районалъул бетIерасул заместитель Камил МухIамадов.

Районалъул имам ГIабдула ГIумарчиевасги загьир гьабуна тIолго районалъул гIадамазул рахъалдасан баркала рухIияб лъай тIибитIизабулеб центр баялъулъ гIахьаллъи гьабизе рес щвеялъухъ.

Районалъул къокъаялъе гьабуна экскурсия, бицана исламияб халкъ цолъиялъе ГIиса Аварагасул(гI.с.) мажгиталъул бугеб кIвар аралъул.

Росабазул жамагIатазул къокъаялъ хIукму гьабуна фонтанный блокалъул А2 хъубаялъул бутIа базе нилъер районалде тIаде босизе.

ТIолго районалъул жамагIаталъул цолъи бихьизабизе, кириги мунпагIатги цIикIкIараб ишалъулъ гIахьаллъизе, рухIияб ирслъун нилъер наслабазе хутIизе бугеб мажгит базе кумек гьабизе къуват кьеги щивасе.

**ТI. МУХIАМАДОВ**

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## Гъоркьа Бакълъухъ ва ГIурада байданал рагьана

**9 сентябралда Гъоркьа Бакълъухъ ва ГIурада, «Дир Дагъистан» проекталъул кумекалдалъун къачIарал площадкаби рагъулел тадбирал тIоритIана.**



Байрамияб ахIвал-хIалалда гIуцIарал тадбиразда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель Камил МухIамадовас, райсобраниялъул председатель, «Единая Россия» партиялъул исполнительный секретарь МухIамадамин Хизроевас, Маданиятալъул,спорталъул ва туризмалъул отделалъул ва редакциялъул хIалтIухъабаз, гьел росабазул бегавулзабаз, имамзабаз, жамагIатаз ва школлъималаз.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ БЕРГЬЕНЛЪАБИ, БАРКИЯЛ

## «Лидеры России» къецазул церехъаби

**РагIалде бахъана «Лидеры России» къецазул суперфиналалъул хIалтIи. ТIолабго Россиялдаса гьениб бергьенлъи босарав 106 чиясда гьоркьов вуго ункъго дагъистаниявги. Гьел ункъгоязулъги нилъер районцояв, КъахIиса ГIабдулхIамидов Вагьаб МухIамадович.**













Гьесул бергьенлъабазул нижеца цебеккун бицунги букIана. ГьабсагIат Вагьабица тIубазабулеб буго Дагъистаналъул рохьил магIишаталъул нухмалъулесул ишал. Гьев вуго Москваялда тIадегIанаб лъай щварав, гьенивго батIи-батIияв хъулухъазда вукIун хIалбихьи щварав, лъикIаб бажариялъул вас. Щакалъи гьечIо хадубккунги гьесул хъулухъалъул цебетIей нилъеда рагIизе букIиналда. Район ва республика чIухIарав ракьцоясул бергьенлъи мисаллъун буго гIолохъанаб гIелалъеги. Гьесдаго цадахъ суперфиналалде рачIун руго Сугъралъа ХIажимурад ГIабашилов (директор по развитию и инвестициям ООО «Управляющая компания СКУ»), Хунзахъа ГIалихан Аварский (ведущий инженер производственно-технической службы ПАО «РусГидро») ва Буйнакский районалдаса ПатIимат ГIумарова (заместитель Министра по делам молодежи Республики Дагестан).

«Лидеры России» конкурсалда гIахьаллъун вуго кинавниги 200 азарго чи, гьездаса финалалде рачIун руго 300 чи. Гьездаги гьоркьоб бергьенлъи босарал нилъер ракьцоязда баркулеб буго, захIматаб нух нахъеги тун щвараб, ракIчIараб бергьенлъи.

Ричанте гьел рукIине Дагъистаналъул гIолилазул байрахъулаллъун.

**П. ИБРАГЬИМОВА**

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# Гъоркьа Бакълъухъ ва ГIурада байданал рагьана











(Байбихьи 1 гьум.)

«Дир Дагъистан» проекталъул «Комфортная городская среда» абураб бутIаялда гIахьаллъи гьабураб кIиябго росдал жамгIиял бакIал, рихьизарурал болжалазда жанир къачIан руго. РакI- бацIцIадго тIубараб хIалтIиялъухъ райадминистрациялъ баркала загьир гьабуна подрядчиказе.

Гъоркьа Бакълъухъ годекIаналъул площадка тIадхъелги гьабун, сверун къан буго, лъун руго скамейкаби, лъималазе спортивияб комплекс. Росдаде тIаде балагьараб централияб мажгиталда аскIоб, гьитIинаб бугониги, цIакъ кIвар цIикIкIараб бакIалда гьабун буго гьеб. Гьелъие биччан букIана 1678138гъ.

Гьединго берцинлъизабун буго ГIурада росдал администрациялда цебе бугеб байдан. Гьенир гьарулел хIалтIаби цIикIкIарал рукIиналъ, сурсатазул къадарги 2593270 гъ букIана. Лъун буго цIияб беседка, скамейкаби, спортивияб комплекс, чIун руго гъутIби, площадка битIизабун тIун буго хъил. ЧIахIиялл шагьаразда кинигин шартIал чIезариялъе хIукуматалъ кьолеб бугеб кIварги ресалги рихьулел руго.

Рорхатал мугIрузда,дагьал гурони гIатIилъаби гьечIел росабалъ халкъалъе гьарулел ругел санагIалъабазул кIваралъул бицун кIиябго тадбиралда кIалъана Камил МухIамадов. Гьес кIвар кьуна нилъер районалда республикаялъул нухмалъулезул кумекалдалъун унел ругел хIалтIабазде, росабазул сипат хисизарулел ва мунпагIат цIикIкIарал проектал рехсана. Гьединго гьес баркала кьуна объектал къачIан рагIалде рахъине кIвахI тун къеркьолел рукIарал бегавулзабазе МухIамадгIарип СагIадуевасе (Гъ.Бакълъухъ) ва ХирамухIамад ИсмагIиловасе (ГIурада), гьезие кумекалъе ратарал росуцоязе.

Бакълъухъ гъоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз хIадурун рукIана цererахъинал, рикIкIана кучIдул, гIисинал речIчIухъабаз рихьизаруна гугариялъул аслаби.

Киналго кIалъараз кIвар кьолеб букIана гьабураб берцинлъи цIунизе тIадаб букIиналде. Гьелда хадуб хал кквезе рес буго росдал администрациялъ видеокамерабазул кумекалдалъун.

Жидерго разилъи загьир гьабун ва районалъулгун республикаялъул нухмалъулезе баркала загьир гьабун кIалъана росдал бегавулзаби, жамгIиял хIаракатчагIи. Гьебго разилъи бихьулеб букIана гьенир ракIарарал лъималазул гьурмаздаги. БагIараб лентаги къотIун жанире риччайгун, гьезул тIоцебесеб гьира букIана спортивияб площадкаялъул хIалбихьи. Лъималаз гуребги чIахIиязгицин хIалбихьи гьабуна цIиял турниказул.

П. МУХIАМАДОВА

■ КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 75 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Бергьенлъиялъул диктант-2020

**КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубай кIодо гьабизелъун 3 сентябралъ тIолго улкаялда ва къватIисел хIукуматазда тIобитIана Бергьенлъиялъул диктант.**

Диктанталъул тадбир тIобитIана «Единая Россия» партиялъул, Россиялъул рагъулабгун тарихияб гIуцIиялъул, «Бергьенлъиялъул волонтерал» гIуцIиялъул, Россиялъул ветераназул союзалъул ва лъай кьеялда хадуб халкквеялъул идараялъул кумекалдалъун.

Дагъистаналда гьеб диктант тIобитIизе хIадурун букIана 75 площадка. Нилъер районалда диктанталъул площадка тIобитIана ХIебда школалда,гьенир гIахьаллъана 9-11 классазул 20 цIалдохъан.






Диктанталъул аслияб мурад букIана КIудияб ВатIанияб рагъул тарих лъазаби ва гIолилазулъ ВатIан бокьиялъул тарбия щула гьаби.

Гьенир гIахьаллъаралщиназе кьезе руго ракIалдещвеялъул дипломал, бергьарал хIасилал рихьизаруразе кьола Россиялъул рагъулабгун тарихияб гIуцIиялъул картаби, тарихиял тIахьал. Гьел щвараზе рес буго улкаялда 50 музеялде чIорого ине. Гьединго школа лъугIун унезе ЕГЭялъул гIаммал хIасилазде тIаде жубала 10 балл.

Диктанталъул тадбир тIобитIана районалъул лъайкьеялъул отделалъул специалист ПатIимат Хизроевалъул нухмалъиялда гъоркь. Щивав гIахьалчияс жидерго хIасилал ралагьизе бегьула https://диктант-победы.рф/ сайталда.

Давуд ДАВУДОВ

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Хинаб квен кьей лъикIаб даражаялда буго

**Заманалда рекъон хIалтIи бачине ккани, цо бакIалда чIун данде кколаро. ЦIикIкIунел руго тIадеялдаса тIаде нилъер пачалихъалъ жамагIаталъе санагIатал гьариялде кIвар кьей. Дагь- дагьккун цIигьарулел руго больницал, школал, къватIал ва ц.**

**Исана цIакъго цIикIкIун буго бербалагьи школазда хинаб квен кьеялде. Бищун хирияб хазина нилъер лъимал кколелъул, школазда гьезие санагIалъаби чIезари буго рекIее лъикIаб асар гьабулеб иш.**

**ЦIех-рех гьабигун, районалъул школазда гьоркьор бищунго лъикIал шартIал чIезарурал, цIиял пищеблокал ТIидиб ва ГIасаб ругин абидал, редакциялъул хIалтIухъаби щвана гьенире араб рузман къоялъ.**



ТIидиб пищеблок

### ТIидиб школа

Унго-унголъунги цIакъ лъикIал шартIал руго ТIидиб гьоркьохъеб школалъул пищеблокалда чIезарун. Школалъул азбаралда батIаго бараб пищеблокалъул мина я къватIисан, я жанисан буго чIуркканго берцинго къачIан. Киналго тIалабазда рекъон гIуцIун буго квен гьабулеб бакI, чIезабун буго хинаб, цIорораб лъим, къеда бан цIияб телевизор, иццухъа цIун хасаб даруяб лъей лъун куллерги буго. Лъималазе, классазе, ялъуни мугIалимзабазе батIаго гьитIинаб тадбир гьабизегицин санагIалъи буго гьениб. Гьениб кьолеб тIагIамаб кванил нижецагоги хIал бихьидал, бичIчIана гвангъараб, паракъатаб, 68 цIалдохъан гIодор чIезе рес бугеб пищеблокалда гIунгутIи гьечIолъи.

Аслияб кумек гьеб базе росдал жамагIаталъул хIаракатчагIазул щванин бицана нижей ТIидиб школалъул директор МухIамад ГIалиевас. Гьединго гьес рехсана ва рихьизаруна школалда унел ругел цогидал хIалтIабиги. Басрияб тIох хисун рагIалде щолеб бугоан. Аслиял хIалтIаби лъугIун, тIад махх ккевялде щун букIана хIалтIи. -Школалъул мина жагъаллъизе рес букIун, гьелъул къварилъиялъул бицун дун вачIиндал, кинабго хIажатаб кумек щвана районалъул бетIер МухIамад ХIасановасдасан. Районалъул бюджеталдасан биччана нижее тIох хисизе гIарац,-ин бицана М. ГIалиевас.

Гьединго, гьес ниж рачана Лъайкьеялъул министерствоялъул кумекалдалъун къачIалеб бугеб спортзал бихьизе. ТIаса тIох босидал, басриял къадал щулалъизе гьениб тIун буго бетоналъул пояс. БатIаго балеб буго лъималазе ретIел хисизе бакIги. ТIубан цIи гьабун къачIалеб бугеб спортзалалда гьаризе хIалтIаби гIемер ругоан. - Квач бачIиналде лъугIизе ракIалда буго,-ин баян кьуна МухIамад ГьитIинамухIамадовичас.

### ГIасаб школа

Гьединго лъикI къачIараб, гIатIидаб батана ГIасаб гьоркьохъеб школалъул пищеблокги. Школалъул директор ГьитIиномухIамад Шабановас баян кьуна ахирал соназ гьарурал хIалтIабазул.

Гьес бицана школалъул, рукIине



ГIасаб столовая

кколел шартIалги тIуран, столовая бан 3 сон бугин. Кинабниги гьелъул площадь буго 185кв.м. Жаниб камураб жо гьенибги батичIо. Берцинаб махIгун квен бикьулеб заманалъ щун рукIана ниж гьенир. Гьирагун кваналел цIалдохъаби рихьидал, бичIчIана тIагIамаб кванидаса гьезул разилъи.

-Районалъул бетIерас, жамагIаталъе кIвар цIикIкIарал школалгун больницал церетIеялъе гьарулел ишал гIумруялде рахъинариялъе кьолеб буго хасаб кIвар. Райадминистрациялъул кумекалдалъун жакъа къоялъ школалда хIалтIулеб буго кинабго къваригIанщинаб жаниб чIезабураб медицинаялъул кабинет. Киналго тIалабазда рекъон гIуцIараб кабинеталъе лъикIаб къимат кьуна Роспотребнадзоралъул вакилзабаз.

Гьелго цIигьариязда гьорлъ рехсезе ккола араб соналъ къачIарал хинал туалетал.

Исана нижер школа гIахьаллъана «Хинаб низам» абураб федералияб программаялда. ГьанжелъизегIан рукIарал печал раки хисила ин ша Аллагь централияб хIухьладул отоплениялъ. Тендерги гьабун, хIалтIухъабазухъ ралагьун чIун руго,-ин баян кьуна гьес нижей.

Гьединго школалъул директорас бицана биххизе рагIалде щун букIанин цIалул цо корпус. Гьеб бихьизе щварал районалъул лъайкьеялъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиевас ва районалъул бетIер М.ХIасановас лъалхъизе течIого корпус цIигьабизе кколин абун буюрухъ кьуна ва районалъул бюджеталдаса гIарацги биччан, гьабуна кумек. Гьелъухъ лъималазул, убузул ва школалъул коллективалъул рахъалдасан баркалаги загьир гьабуна Гь.Шабановас районалъул нухмалъулезе.

**ГI.НУРМУХIАМАДОВА**

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## Рищизе руго райсобраниялъул депутатал

**2012 соналдаса нахъе №152 Федералияб къануналда рекъон, сентябралъул кIиабилеб гьатIанкъо ккола рищиязул цогояб къо. Исана 11-13 сентябралда Россиялда тIоритIизе руго батIи-батIиял даражаялъул рищиял.**

Нилъер районалда гьел къояз рищизе руго райсобраниялъул депутатал.

Коронавирусалъул хIинкъи жеги тIубан нахъе къан гьечIелъул, цIакъго гIемерав чи цо къоялъ ракIаричIого рукIине, гьаракь кьезе лъабго къо бихьизабун буго. Риидал тIобитIараб Конституциялъул референдумалдаго гIадинал цIуна-къаялъул шартIалги цIунизе бихьизабун буго рищиязда. Киналго избирателазул участокал къваригIарабщинаб чIезабун, хIадурун ругин баян кьуна ТИКалъул председатель ГIумархIажи ГIалиевас.

Райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроевасул баяназда рекъон 333 кандидатас кьун буго цIар депутатлъилъе рищиязда гIахIаллъизе. Гьезда гьоркьор руго «Единая Россия» партиялъул рахъалдаса 211 кандидат, партия «Роста»- 28, «Справедливая Россия» - 28, КПРФалъул рахъалдаса 19 кандидат, партиябазда гьечIел 50 кандидат.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ БАЯНАЛЪЕ

## Лъималазе пособиял



**РФялъул Конституциялда рекъон лъимал ва лъимерлъи цIуни пачалихъалъул аслияб тIалаб ккола.**

Исана COVID-I9 тIибитIиялъ гIадамазе кIудиял камиял ккана. Гьелъул зарал бецIиялъе пачалихъалъ хIукму гьабуна лъималазе цIикIкIинарурал пособиял кьезе. Гьел рикьула 3 батIияб бутIаялде: 3 сон базегIан ругел, 3ялдаса 7 сон базегIан ругел ва 3ялдаса 16 сон базегIан ругел. Хъизамалда тIоцебесеб ялъуни кIиабилеб 3 сон бачIеб лъимаде кьуна апрель, май, июнь моцIазда 5000 гъурущ, 3-са 16 сон базегIан бугеб лъимаде июнь ва июль моцIалъ щвезе ккола 10000 гъурущ цо моцIалъе хIисаб гьабун. 1марталдаса нахъе заманаялъ хIалтIи гьечIого хутIарал эбел-инсуе хIалтIудалъун хьезариялъул централдаса кьола 18 сон бачIеб лъимаде тIаде 3000 гъурущ апрель, май, июнь моцIазда.

Киналниги пособиял щвезе ккани гIарза кьезе ккола 1 октябралде щвезегIан.

Пособиял щвезе ккани, гьелъие ихтияр бугел гIадамал ине ккола МФЦялде ялъуни жидецаго Госуслуги https://www.gosuslugi.ru/ сайталдаса гIарза битIизе ккола.

**Давуд ДАВУДОВ**

# Мини-футболалъул чемпионаталъул хIасилал

**«Шамил районалъул гIолилал» жамгIияб гIуцIиялъ гьарулел спорталъул ва цогидал тадбиразул гIемер рагIула нилъеда. Гьезул цо-цоял газеталда кьечIогоги хутIула. Гьаниб бицен гьабизе бокьун буго гьал къоязда тIобитIараб, Шамил имам ракIалдещвеялъе, районалъул гIолилазул командабазда гьоркьоб тIобитIараб спорталъул тадбиралъул.**



ГIезегIанго заманалъ халат рахъарал мини-футболалъул къецал рукIана дагьалъ цере. Гьелъул хIасилал гьарулеб тадбир букIана гьал къоязда МахIачхъалаялъул «Спартак» футболалъул майданалда. Гьеб гIуцIун букIана цIакъ берцинго, магIнаялда, гIахьаллъаразул ракIазе рохел кьолеб хIалалъ. Бергьенлъи босарал командабазе ва лъикIал хIасилал рихьизарураze, хIалтIи гIуцIиялъулъ тIокIлъи бихьизабуразе рикьана сайгъатал, шапакъатал, баркалаялъул кагътал. Райадминистрациялъул рахъалдаса гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель Камил МухIамадовас. Районалъул администрациялъ рихьизарурал гIарцулал сайгъаталги кьуна гьес чемпионаталда бергьаразе.

Кидаго гIадин жиндиего хасиятаб чIаголъиялда тадбир нухда бачана ДР ВПП «Единая Россия» регионалияб комитеталъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас.

Исанасеб чемпионаталда ракIчIараб 1-себ бакI босана «Хучада» командаялъ, 2-абилеб бакIалде бачIана «ЦIегоб» команда, 3-абилеб бакIалъе мустахIикълъана «КъахIиб» команда. Шамил районалъул командабазул тIадегIанаб лигаялда гурелги, 1-себ лигаялда ругел командабазда гьоркьобги тIоритIана минифутболалъул къецал. Гьезул хIасилалда тIадегIанаб лигаялде рорчIана «Зивуриб» ва «ГIуриб» командаби.

Гьаниб рехсезе бокьун буго чемпионат гIуцIиялъул аслияб бакIлъи тIаде ккolев чиясул цIар-гьев вуго Загьид КъебедхIажиев. Гьесда кIвана районалъул чемпионат тIадегIанаб даражаялде бахинабизе.

Гьединго гьеб чемпионаталъул тартиб, магIна ва гIадлу-низам бараб букIуна бетIерав судиясда. Гьеб ишги мухIканго тIубала, жиндирго махщалил устар Атай Даудовас.

Гьединго, баркалаялъе мустахIикъал руго, къецал тIоритIулеб заманалъ гьеб лахIзаталда (прямой эфир) инстаграммалда балагьизе рес кьолел, эмен ва васал Хидировал. Гьезиеги кьуна шапакъатал ва баркалаялъул кагътал.

Къокъго абуни- минифутболалъул чемпионат ва гьелъул хIасилал гьарулеб тадбир тIобитIана мисалалъе мустахIикъаб къагIидаялъ. Чемпионат жеги гIатIидго ва тIадегIанаб даражаялде бахинабизе къасд буго гьеб гIуцIаразул.

**ТI. МУХIАМАДОВ**





**ЦОЛЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гъоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде-кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу Имам Шамилил къватI № 50